


# **Alfabetizasyon**

## **Kòmanse**

### **lakay**

Lè ou voye yo tounen lekol, bay  
Ptit ou yo yon kado pou lavi...

**APRANN YO LI**



ENSTITI NASYONAL POU ALFABETIZASYON

### **Chè paran:**

Se ou ki premye epi se ou ki pwofesè ki pi enpòtan pou Ptit ou. Lè ou voye yo tounen lekol, ba yo kado pou tout yon vi...

### **APRAN'N YO LI**

devlope Vedèt seri a ti liv pou paran timoun ki nan klas twa moun ki ap resevwa tou pare oswa aprann li

Enstiti Nasyonal pou alfabetizasyon te kreye yon seri de livrè « the Shining Stars » pou paran timoun ki nan lekòl matènèl jiska 3èm ane kap pare pou oswa kap aprann li. Pou komande kopi gratis : ekri EdPubs, P.O. Box 1398, Jessup, MD 20794-1398 oswa rele 1 (800) 228-8813 oswa e-mail : [edpubs@inet.ed.gov](mailto:edpubs@inet.ed.gov). Ou kapab download tou Livrè sila yo ansanm ak lot livrè sou ansèyman pou lekti. Vizite : <http://www.nifl.gov/nifl/publikasyon.html>.



Lis verifikasyon pou paran

## **TIMOUN (ant de a twa zan)**

Men kèk fason ou ka ede Ptit ou « pare pou lekti » ant de a twa zan.



- Mwen li avèk Ptit mwen chak jou, menm si se pou kèlke minit
- Mwen ankouraje Ptit mwen pote liv li pi pito a ban mwen pou nou kapab li ansanm
- Mwen loje dwèt mwen sou foto yo epi mwen di non yo byen fo, epi mwen ankouraje Ptit mwen pou'l montre'm foto yo lè nap li.
- Mwen gade pou'm wè si pafwa Ptit mwen an fè kontak zye avè m 'lè mwen li awotvwa. Sa montre'm ke li ap siv mwen ansanm ak istwa a.
- Mwen pale ak Ptit mwen an pandan jounen an de bagay ke nap fè e bagay kap fèt nan alentou nou.
- Mwen eseye pran pasyans lè Ptit mwen an vle li menm liv la tout tan
- Mwen ankouraje Ptit mwen an « jwe » ak liv – ramase yo, vire yo tèt anba oswa devan dèyè epi vire paj yo.
- Gen de lè mwen koute lè Ptit mwen ap « fè kom si » lap li yon liv – li kembe liv la, l'ale de paj en paj, epi li di mo yo, menm si se pa mo sa yo ki nan paj la.
- Mwen bay Ptit mwen papye ak kreyon pou li ka fè madjigridji, trase imaj epi pou'l pretann ke lap ekri.



Lis verifikasyon pou paran

## PRESKOLE (TIMOUN KI NAN MATENEL)

Men on seri de manyè ou kapab ede  
Ptit ou « prepare pou li apran'n li »  
pandan laj 4 a 5 an.

- Mwen ede Ptit mwen tande avek repete premye son nan mo yo (tankou « b » nan bato), epi mwen fè li remake lè mo ki diferan komanse avèk menm son (tankou « bato » avèk « bonbon »).
- Mwen ede Ptit mwen tande mo ki rime (tankou moose, goose ak caboose).
- Mwen entwodwi nouvo mo by Ptit mwen an, tankou « bow » ak « stern » ki vle di devan bato a ak deyè bato a.
- Mwen pale ak Ptit mwen de lèt alfabè yo epi li rekonèt yo nan liv, tankou « k » pou kano.
- Mwen lonje dwèt mwen sou sign ak etikèt ki gen alfabè, tankou panno ki gen nan lari yo ansanm ak manje ki nan makèt yo.
- Mwen ankouraje Ptit mwen jwenn kè kontan ak amizman nan lekti. Dabitid mwen kite Ptit mwen chwazi ki liv nap li ansanm.
- Mwen kite Ptit mwen pretann ke lap li kèk pati nan liv la lè nap li ansanm.
- Mwen eksplike Ptit mwen kèk istwa e mwen fè relasyon avèk yo ak bagay kap pase nan lavi nou.
- Lè m'ap li ak Ptit mwen, mwen mande li keksyon ki komanse ak "kisa," "kibo," ak "koman" pou mwen kapab ede li swiv avè'm ak konpran'n istwa yo.
- Mwen ede Ptit mwen ekri not oswa fè liv (tankou liv alfabè), men'm si se madjigridji lap fè oswa mak.

Lis verifikasyon pou paran

## KINDERGARTENERS

### (TIMOUN KI NAN JADENDANFAN)

Ladrès sa yo anjeneral devlope lè yon timoun nan jadendanfan

Pale ansanm ak pwofesè Pitit ou a si ou gen kesyon.




- Pitit mwen koute avèk anpil atansyon liv ki anrejistre sou tep yo.
- Pitit mwen konnen fòm ak non lèt alfabè yo e li ekri pliziè lèt majiskil ak miniskil poukont li.
- Pitit mwen konnen ke mo ki pwononse yo fèt ak son separe.
- Pitit mwen rekonèt e li ka fè rim, li ka di lè mo komanse ak menm son, e li ka mete oswa konbine son .
- Pitit mwen kapab fè son kèk lèt.
- Pitit mwen konnen ke lòd lèt yo swiv nan mo ki ekri se menm ak lòd son nan mo ki pwononse.
- Pitit mwen an konnen kèk non komen tankou "yon", "Mwen" ak "ou" lèl wè yo.
- Pitit mwen an konnen ki jan yo kenbe yon liv epi ekri ak lèt detache swiv de gòch a dwat ak depi anwo jouk anba nan yon paj lè lap li.
- Pitit mwen an mande ak reponn kesyon sou istwa yo epi li sèvi ak sa li deja konnen pou'l konprann yon istwa
- Pitit mwen an konnen tout pati nan yon liv epi li konprann ke otè ekri mo yo ak tèks epi ilistratè kreye foto
- Pitit mwen an konnen ke nan pifò nan liv mesaj prensipal la se nan ekriti yo ak lèt detache yo, se pa nan foto yo
- Pitit mwen an predi kisa ki pral rive nan yon istwa epi tou li rakonte oswa li fè teyat ak istwa a.
- Pitit mwen an konnen diferans ki genyen ant fiksyon ak istwa reyèl e li konnen tou ki diferans ki genyen ant istwa ak powèm
- Pitit mwen an itilize sa li konnen de lèt ak son pou li ekri mo
- Pitit mwen an ekri kèk lèt ak mo pandan yap dikte li yo, epi li komanse eple kèk mo kòrèkteman
- Pitit mwen an ka ekri pwòp non li prenon li avèk siyati li ansanm ak prenon kèk zanmi ak fanmi
- Pitit mwen an jwe ak mo epi li itilize nouvo mo nan diskou l poukont li
- Pitit mwen an konnen epi li sèvi ak mo ki enpòtan a travay lekòl la, tankou non koulè yo, fòm yo ak chif yo.
- Pitit mwen an konnen epi li itilize mo ki soti nan lavi chak jou, tankou non lari yo ak non yo pou travayè nan kominate a- pwofesè, faktè, elatriye .

Lis verifikasyon pou paran

## KLAS PREMYE ANE

Ladrès sa yo anjeneral devlope lè yon timoun nan premye ane

Pale ansanm ak pwofesè Pitit ou a si ou gen kesyon.



- Pitit mwen konnen tout lèt alfabè yo
- Pitit mwen an konnen diferans ant lèt ak mo epi tou li konnen gen espas ant mo ak lèt detache
- Pitit mwen an konnen ke mo reprezante lapawòl li ka montre ki jan mo yo reprezante pa lèt ki ranje nan yon lòd espesifik
- Pitit mwen an konnen kèk siy ponktiyasyon ak ki kote fraz ak paragraf ap kòmanse epi ki kote yap fini
- Pitit mwen an se kòmanse konprann epi eksplike poukisa moun fè lekti
- Pitit mwen an ka mete ansanm (ranje)oswa separe son la plipa mo ki gen yon sèl-silab epi li ka konte konbyen silab ki genyen nan yon mo
- Pitit mwen an ka fè son pou mo li pa konnen, li ka rekonèt e eple kèk mo iregilyè, tankou genyen, te di, ou menm ansanm ak se
- Pitit mwen an li liv premye ane yo awotvwa, e li ka di ki lè li pa ka konprann ki sa li ap li a
- Pitit mwen an li epi li konprann enstriksyon ki ekri epi ki senp
- Pitit mwen an itilize sa li deja konnen pou li ka anrichi sa ke lap li
- Pitit mwen an predi kisa ki pral rive apre nan yon istwa
- Pitit mwen an poze kesyon (ki jan, poukisa, ki sa ki si?) sou liv ke lap lie pi li ka dekri sa li te aprann nan yon liv
- Pitit mwen an itilize òtograf ki envante nan sa lap ekri epi tou li konprann ke gen yon fason kòrèk pou eple mo
- Pitit mwen an itilize siy ponktiyasyon senp ak lèt majiskil
- Pitit mwen an ekri pou rezon diferan - istwa, eksplikasyon, lis, lèt- epi li li sa li ekri yo epi li revise yo
- Pitit mwen an kontwòle langaj li plis, li fè fraz konplè, Li itilize langaj ki pi fòmèl nan lekòl la pase lakay ansanm ak zanmi li
- Pitit mwen an kirye pou li aprann mo. Li itilize nouvo mo lè li ap pale ak lè lap ekri
- Pitit mwen an kòmanse wè ke kèk mo vle di menm bagay (sinonim) e kèk lòt vle di opoze a (antonim)
- Pitit mwen an ap aprann ke mo jwe yon wòl diferan nan fraz – pa egzanp, non esplike bagay e vèb montré aksyon

Lis verifikasyon pou paran

## KLAS DEZYEM ANE

Ladrès sa yo anjeneral devlope lè yon timoun nan dezyèm ane

Pale ansanm ak pwofesè Ptit ou a si ou gen kesyon.



- Ptit mwen an li epi li konprann fiksyon ak non-fiksyon dezyèm ane, epi li konpare e li konekte enfòmasyon ki sòti nan sous differan
- Ptit mwen an li pou rezon espesifik ak kesyon espesifik, epi li eksploré sijè ki enterese l poukont li
- repons Ptit mwen an "koman", "poukisa", ak "ki sa, si" kesyon, epi li sonje enfòmasyon, lide prensipal yo ak detay ki enpòtan apre ou fin li
- Ptit mwen an entèprete enfòmasyon ki soti nan dyagram tablo, ak graf
- Ptit mwen an patisipe nan repons kreyatif le lap tande istwa, tankou dramatizasyon yo ak prezantasyon a loral yo.
- Ptit mwen an swiv ak atansyon a ki jan mo yo eple epi li eple kòrèkteman mo ke li te etidye
- Ptit mwen an eple yon mo jan li tande li sonnen si li pa konnen òtograf li
- Ptit mwen an ekri pou anpil differan rezon epi li ekri differan kalite konpozisyon (pa egzanp, istwa, rapò, ak lèt)
- Ptit mwen an reflechi byen anvan li chwazi kisa lap ekri
- Ptit mwen an patisipe nan konferans, li revize ak korije sa li te ekri, epi ale nan manman fondamantal ekriti (òtograf, lèt majiskil, ak ponktiyasyon) nan vèsyon final li.
- Ptit mwen an ap aprann nouvo mo e li itilize yo lekòl la ak lakay
- Ptit mwen an itilize sijesyon ki soti nan kontèks la ansanm ak konesans li de mo a (rasin, prefiks, sifiks) poul ka konnen ki sa mo a vle di
- Ptit mwen an ap ogmante vokabilè li ak sinonim ak antonym
- Ptit mwen an itilize pati nan diskou li (non, vèb, adjektif, advèb) kòrèkteman.
- Ptit mwen an ap aprann nouvo mo pandan lap li poukont li


Lis verifikasyon pou paran

## KLAS TWAZYEM ANE

Ladrès sa yo anjeneral devlope lè

yon timoun nan twazyèm ane

Pale ansanm ak pwofesè Pitit ou a si ou gen kesyon.



- Pitit mwen an itilize sa li konnen nan fonik ak pati mo (prefiks, rasin, sifiks) pou fè son pou mo enkoni
- Pitit mwen an li tèks ki nan nivo klas twazyèm ane (istwa, ki pa fiksyon-, magazin, ekran òdinatè) pou fè son pou mo enkoni.
- Pitit mwen an eksploré sijè ki enterese'l yo epi li li istwa ankò ak liv ki gen chapit poukонт li
- Pitit mwen an kapab esplike pi gwo pwen yo nan ke se swa nan liv fiksyon ou non-fiksyon
- Pitit mwen an idantifye e diskite mo oswa fraz li pa konprann
- Pitit mwen an mande kesyon tankou "kijan", "poukisa" ak "ki sa, si" e li ka diskite tèm yo oswa mesaj ki nan yon istwa
- Pitit mwen an itilize enfòmasyon ke li kolekte ansanm ak pwop rezònman li pou li jije eksplikasyon ak opinyon e li ka fè distenksyon ant kisa ki lakòz e ki sa ki efè, fè ak opinyon, ak lide prensipal ak detay kap sipòte'l.
- Pitit mwen an konprann epi li ka li graf ak tablo
- Pitit mwen an itilize kontèks pou li ka jwenn siyifikasyon nan sa lap li
- Pitit mwen an eple kòrèkteman mo ke li te etidye
- Pitit mwen an rasanble enfòmasyon ki soti nan yon pakèt sous, tankou nan liv, atik ak òdinatè epi li sèvi ak yo lè lap ekri.
- Pitit mwen an revize travay li poukонт li pou li korije erè yo. Epi tou li travay avèk pwofesè yo ak elèv kamarad li yo pou li ka modifie ak revize travay li.
- Pitit mwen an kòmanse sèvi ak metafò ak lòt fòm literè nan sa lap ekri.
- Pitit mwen an diskite zèv literè li ak lòt timoun epi bay repons itil a travay pa yo.
- Pitit mwen an devlope vokabilè li atravè lekti epi ak konesans li akimile poukонт li.
- Pitit mwen an ap bati vokabilè li ak sinonim ak antonym
- Pitit mwen an itilize pati ki kompoze fraz nan diskou li kòrèkteman (non, vèb, adjektif, advèb).